

# Rezime Politik Asistans Finansyè nan Langaj Senp



## **Apèsi**

Boston Children's Hospital (BCH) pran angajman pou sèvi tout pasyan yo, ankontan moun ki manke asirans sante ak moun ki pa kapab peye pou tout swen esansyèl yo resevwa oswa pou yon pati ladan. Pwogram Asistans finansyè Boston Children's Hospital ofri asistans finansyè pou pasyan ki kalifye ki bezwen èd pou peye pou swen ijans oswa swen ki nesèsè pou rezon medikal yo resevwa nan yon etablisman Boston Children's Hospital.

## **Disponibilite Asistans Finansyè**

Ou ka anmezi jwenn asistans finansyè si ou pa gen asirans, si asirans ou pa sifi, oswa si li ta reprezante yon difikilte finansye pou ou pou w peye annantye depans ki soti nan pòch ki prevwa pou sèvis yo nan BCH. Tanpri n ap fè w remake gen sèten sèvis ki eskli, ki pa kalifye anjeneral pou asistans finansyè.

## **Kijan pou w Aplike pou Asistans Finansyè?**

Pa lantremiz konseye finansye li yo, BCH ap ede pasyan/garan yo (moun ki bay garanti pou pasyan yo) nan pwosesis aplikasyon pou asistans finansyè a. Konseye finansye yo, ap ede pasyan/garan BCH ak Fondasyon Doktè yo (Physician Foundations) ki gen rapò ak BCH pou yo fè aplikasyon pou pwogram asistans finansyè BCH oswa pou pwogram piblik, tankou Medicaid, MassHealth, Commonwealth Care ak Health Safety Net. Yo pral mande moun k ap chèche asistans finansyè pou yo ranpli yon Aplikasyon pou Asistans Finansyè epi soumèt dokiman sipò pou verifikasyon.

## **Kondisyon pou Kalifikasyon**

Anjeneral, yo detèmine asistans finansyè ak yon echèl mobil pou revni total kay la ki baze sou Nivo Federal Povrete (Federal Poverty Level, FPL). Si revni oumenm ak/oswa pati responsab la mete ansanm egal a 400% FPL oswa li pi ba ke sa, ou ka jwenn tarif rabè pou swen founisè a bay la. Pou swen ijans oswa lòt swen ki nesèsè pou rezon medikal, yo p ap chaje moun ki kalifye pou asistans finansyè dapre Règleman Asistans Finansyè a plis pase montan yo chaje anjeneral pou moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo. Si ou gen ase pwoteksyon asirans, ou gendwa pa kalifye pou asistans finansyè. Tanpri, al gade nan règleman konplè a pou jwenn yon eksplikasyon ak detay konplè.

## **K ikote pou w Jwenn Enfòmasyon**

Gen plizyè fason pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis detèminasyon asistans finansyè a, oswa pou jwenn gratis kopi Règleman Asistans Finansyè a, Aplikasyon pou Asistans Finansyè a, ak Règleman Kredi ak Koleksyon.

- Telechaje enfòmasyon yo sou entènèt nan [www.childrenshospital.org/financialassistance](http://www.childrenshospital.org/financialassistance)
- Mande enfòmasyon yo alekri pa lapòs oswa vizite Sant Sèvis Finansye Pasyan (Patient Financial Services Center) nan 300 Longwood Avenue, Boston, MA, Farley Building room 160.1 ak 160.2.
- Rele Sipò Kliyan nan Sèvis Finansye Pasyan (Patient Financial Services Customer Support) nan (617)-355-3397 pou mande enfòmasyon yo

Règleman Asistans Finansyè a, Rezime Asistans finansyè nan Langaj Klè a, Aplikasyon pou Asistans Finansyè a, ak Règleman Kredi ak Koleksyon an disponib nan plizyè lang.